



Akademisyèn Roy Odette FOMBRUN

Prezantasyon

Akademisyen Odette Roy FOMBRUN se vyewo Akademi an. Kididonk, se manm nan Akademi an ki gen plis laj, ki pote plis rekòt kafè sou tèt li. Li fèt Pòtoprens 13 jen 1917. Li diplome nan Lekòl Nòminal Enstititris nan lane 1935.

Piblikasyon

Pami yon dividal liv an kreyòl li pibliye, nou ka site:

- . *Ti Koze sou Istwa Dayiti*
- . *Ispayola, premye liv endyen Ayiti okipasyon lespay*
- . *Dwa ak devwa tout Ayisyen*
- . *Eleksyon an Ayiti*
- . *Ti Koze sou Konstitisyon*

Angajman

Manm Sosyete Ayisyen Istwa ak Gewograf, Odette Roy FOMBRUN pibliye plizyè atik nan revni enstitisyon an. Li pase 27 lane an egzil sou Prezidan François DUVALIER: 10 lane Ozetazini epi 17 lane an Afrik avèk fanmi li. Li retounen Ayiti nan fen rèy Duvalier a an fevriye 1986. Se li menm ki te pwopoze atik 213 la nan Manman lwa peyi a ki kreye Akademi Kreyòl Ayisyen an.

Li angaje li nan sektè sa yo:

- . Edikasyon
- . Dwa moun
- . Istwa
- . Sivil

Se **Gwoup Refleksyon ak Aksyon pou yon Ayiti tou nèf** ki te pwopoze kandidati Odette Roy FOMBRUN kòm Akademisyèn